# I. ЖАЛПЫ АЙМАҚЛЫҚ ӨНИМ ИСЛЕП ШЫҒАРЫЎ

Дәслепки мағлыўматлар бойынша, 2019 жылдың январь-мартында ислеп шығарылған жалпы аймақлық өнимниң (ЖАӨ) көлеми 3379,2 млрд. сўмды қурады ҳәм 2018 жылдың январь-мартына салыстырғанда өсим пәти 101,6 пайызға тең болды.

2019 жыл январь-март айларында ЖАӨ дефлятор индекси 120,0 пайызды қурады.

**Январь-декабрь айларында республика жалпы аймақлық өниминиң экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы**

| | *млрд.сўм* | | *2018жыл январь-мартқа салыстырғанда пайыз есабында* |
|---|---|---|---|
| | *2018 жыл* | *2019 жыл* | |
| **I. Жалпы аймақлық өним, жәми** | **2771,5** | **3379,2** | **101,6** |
| *соннан:* | | | |
| Тармақлардың жалпы қосылған мuғдары | 2513,6 | 3019,0 | 101,7 |
| Өнимлерге болған салықлар | 257,9 | 360,2 | 101,1 |
| **II. Тармақлардың жалпы қосылған муғдары** | **2513,6** | **3019,0** | **101,7** |
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 313,8 | 396,5 | 102,7 |
| Санаат (қурылысты қоскан ҳалда) | 1230,5 | 1359,8 | 98,1 |
| санаат | 1047,9 | 1106,3 | 95,7 |
| қурылыс | 182,6 | 253,5 | 111,7 |
| Хызметлер | 969,3 | 1262,7 | 106,0 |
| саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер | 166,2 | 196,2 | 105,4 |
| тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс хызметлери | 196,7 | 226,3 | 108,6 |
| басқа хызметлер | 606,4 | 840,2 | 105,3 |

**Жалпы аймақлық өнимниң тармақлар бойынша қурамы январь-март жағдайына**

*(жәмине салыстырғанда пайызда)*




2019 жылдың январь-март айларында Қарақалпақстан Республикасы экономикасының тийкарғы тараўларында гүзетилген өсим пәтлери ЖАӨ өсиўинде тийкарғы фактор болып хызмет қылды. Атап айтқанда, аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығының өсим пәти – 102,7 % (ЖАӨ қурамындағы үлеси 13,1 %), қурылыс – 111,7 % (8,4 %) ҳәмде хызметлер тараўы – 106,0 % (41,9 %). Санаат тараўында өткен жылдың тийисли дәўирине салыстырғанда 4,3 пайызлы пунктке кемейиў гүзетилип, өсим пәти 95,7 % (ЖАӨ қурамындағы үлеси 36,6 %) қурады.

**2019 жыл январь-мартта ЖАӨниң экономикалық хызмет түрлери бойынша өсим пәтлери**




Қарақалпақстан Республикасы экономикасының барлық тармақларында жаратылған жалпы қосылған баҳасы (ЯҚҚ) көлеми улыўма ЖАӨниң 89,3 пайызын, өнимлерге болған салықлар, 10,7 пайызды қурайды.

Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы ЖАӨниң тармақлар бойынша қурамындағы үлеси 0,6 пайызлы пунктке асты ҳәм есабат дәўиринде 13,1 пайызды қурады. Санаат (қурылысты қосқан ҳалда) тармағының үлеси 4,0 пайызлы пунктке кемейди ҳәм 45,0 пайызды қурады. Хызметлер тараўының ЖАӨ қурамындағы үлеси 2018 жыл январь-мартта 41,9 пайызды қурады ҳәм 2018 жыл усы дәўири (38,5 %) менен салыстырғанда 3,4 пайызлы пунктке асты.

Саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлердиң ЖАӨ қурамындағы үлеси 6,5 пайызды (2018 ж. – 6,6 %), тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс – 7,5 пайызды, (7,8 %), хызмет көрсетиўши басқа тармақлар – 27,9 пайызды (24,1 %) қурады.

**Хызметлер тараўының жалпы қосылған баҳа қурамы**
*(жәмине салыстырғанда пайызда):*

